# waxal: laa ilaaha illalaahu wahdahu laa sariika lahu, Allaahu Akbaru kabiiran, wal hamdu lil-Laahi kasiiran, subhaanal Laahi Rabbil haalamiina, laa hawla wa laa xuwwata illaa bil Laahi Alhasiisil-Alhakiimi

Jële nañu ci Sahd -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Benn kaw-kaw dafa ñëw ci Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, ne ko: xamal ma wax joo xam ne dama koy wax, mu ne ko: "waxal: laa ilaaha illalaahu wahdahu laa sariika lahu, Allaahu Akbaru kabiiran, wal hamdu lil-Laahi kasiiran, subhaanal Laahi Rabbil haalamiina, laa hawla wa laa xuwwata illaa bil Laahi Alhasiisil-Alhakiimi" mu ne ko: lii de sama Boroom la ñeel, ana lan mooma ñeel man? Mu ne ko: "waxal: Allaahumma ixfir lii, warhamnii, wahdinii, warsuqnii".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Benn waay bu dëkk ca kaw ga dafa laaj Yonnente Yàlla bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-mu xamal ko ag sikar gu muy wax, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: waxal: "laa ilaaha illallaahu wahdahu laa sariika lahu" mu tàmbalee ci seede Tawhiid,maanaam mooy amul kenn ku ñuy jaamu cig dëgg ku dul Yàlla, "Allaahu Akbaru kabiiran" Maanaam: Yàlla moo gën a màgg lépp gën koo tedd, "walhamdu lil-Laahi kasiiran" Maanaam: sant Yàlla lu bari, ci ay meloom ak i jëfam, ak i xéewalam yi kenn manut a takk, "Subhaanal Laahi Rabbil haalamiina" Maanaam: màgg na set na ci gépp wàññiku, "laa hawla wa laa xuwwata illaa bil Laahi Alhasiisil-Alhakiimi" Maanaam: amul wëlbatiku jóge ci genn anam jëm ci geneen anam lu dul ci coobarey Yàlla ak ndimbalam ak dëppaleem, Waa ji ne ko: baat yii sama Boroom la ñeel dañu ko ciy tudd di ko ci màggal, lan mooma ñeel man ci ma ñaanal sama bopp? Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: waxal: "Allaahumma ixfir lii" Ci far samay ñaawteef te suturaal ma, "warhamnii" eggalel fi man defal ma njariñi diine ak yu àdduna, "wahdinii" Jëme ma ci nekkiin yi gën, te jëme ma ci yoon wu jub wa, "warsuqnii" Wërsëgal ma alal ju dagan ak wér ak wépp yiw ak jàmm.